



UNIVERSITAS
INDONESIA

PROGRAM PENDIDIKAN
VOKASI



Privasi Mbarek Perlindungan Data Pribadi

Edisi Jawa Timur

Privasi Mbarek Perlindungan Data Pribadi

Penulis:

Devie Rahmawati, Rizki Ameliah, Rangga Adi Negara, Indriani
Rahmawati

Tim Riset:

Mila Viendyasari, Rienzy K. R., Tim Literasi Digital

Desain:

Gina A. R.

Privasi Mbarek Perlindungan Data Pribadi

Penulis

Devie Rahmawati

Rizki Ameliah

Rangga Adi Negara

Indriani Rahmawati

Tim Riset

Mila Viendyasari

Rienzy K. R.

Tim Literasi Digital

Desain

Gina A. R.

Diterbitkan oleh:

Kominfo, Jakarta 2021.

Dilarang mengutip atau memperbanyak sebagian atau seluruh isi buku ini dalam bentuk apa pun (seperti cetak, fotokopi, mikrofilm, CD-ROM, dan rekaman suara) tanpa izin tertulis dari penerbit.

Sanksi Pelanggaran Pasal 113

Undang-undang Nomor 28 Tahun 2014 tentang Hak Cipta

(1) Setiap Orang yang dengan tanpa hak melakukan pelanggaran hak ekonomi sebagaimana dimaksud dalam Pasal 9 ayat (1) huruf i untuk Penggunaan Secara Komersial dipidana dengan pidana penjara paling lama 1 (satu) tahun dan/atau pidana denda paling banyak Rp100.000.000,00 (seratus juta rupiah).

2) Setiap Orang yang dengan tanpa hak dan/atau tanpa izin Pencipta atau pemegang Hak Cipta melakukan pelanggaran hak ekonomi Pencipta sebagaimana dimaksud dalam Pasal 9 ayat (1) huruf c, huruf d, huruf f, dan/atau huruf h untuk Penggunaan Secara Komersial dipidana dengan pidana penjara paling lama 3 (tiga) tahun dan/ atau pidana denda paling banyak Rp500.000.000,00 (lima ratus juta rupiah).

(3) Setiap Orang yang dengan tanpa hak dan/atau tanpa izin Pencipta atau pemegang Hak Cipta melakukan pelanggaran hak ekonomi Pencipta sebagaimana dimaksud dalam Pasal 9 ayat (1) huruf a, huruf b, huruf e, dan/atau huruf g untuk Penggunaan Secara Komersial dipidana dengan pidana penjara paling lama 4 (empat) tahun dan/ atau pidana denda paling banyak Rp1.000.000.000,00 (satu miliar rupiah).

(4) Setiap Orang yang memenuhi unsur sebagaimana dimaksud pada ayat (3) yang dilakukan dalam bentuk pembajakan, dipidana dengan pidana penjara paling lama 10 (sepuluh) tahun dan/ atau pidana denda paling banyak Rp4.000.000.000,00 (empat miliar rupiah).

Isi di luar tanggung jawab Percetakan

Daphtar Isi	3
Pengertian	4
Pelanggaran Privasi nang Internet	6
Ngejaga Privasi Bocah	8
Ngejaga Data Pribadi nang Internet	10
Nyetel Settingan Privasi nang Media Sosial	12

PENGERTIAN

Saben wong duweni hak asasi manungso gawe isa nglindungi awake dewe. Hal iki ditulis nang Undang Undang Dasar 1945, pasal 28 G sing unine:

"Saben wong nduweni hak karo pedindungane awake dewe, kaluwarga, kehormatan, martabat, mbarek harta bandha sing dikontrol, mbarek duweni hak tekan ancaman mbarek perlindungan tekan ancaman sing nggarai wedi kanggo nglakoni utawa ora nglakoni hal sing dadi hak asasi"

Perlindungan iki yo klebu perlindungan tekan data pribadine. Adhasar tekan Peraturan Menteri Komunikasi mbarek Informatika (Menkominfo) No 20 Taun 2016 sing isine tentang Perlindungan Data Pribadi nang Sistem Elektronik, definisi Data Pribadi tertentu yaiku data sing disimpen, dijaga, mbarek dijaga bener ora ne mbarek dilindungi kerahasiaanne. Lek Data Perseorangan Tertentu yaiku kabeh keterangan sing bener mbarek nyata sing nemplek mbarek isa diidentifikasi, langsung utawa ora langsung, nang saben wong sing pemanfaatanne sesuai karo ketentuan peraturan

Saben wong mesthi duweni hak privasi kanggo data pribadi sing diduweni, yaiku hak gawe isa ngatur, ngubah, ngelolah mbarek mbusek data pribadi sing di duweni mbarek nentokno kapan, piye mbarek gawe apa data iku dikomunikasikno nang pihak liya.

Sumber:

<https://steemit.mm/data/@phdmoon/what-is-personaldata-is-personaldataprivate-data>

PENGERTIAN

Apa ae sing klebu data pribadi? Iki contone:



Indonesia sampek saiki gurung duwe Undang-Undang khusus sing ngatur tentang Perlindungan Data Pribadi, tapi ana undang-undang sing wes ngamot tentang Perlindungan data pribadi. Sakhubungan karo data pribadi nang media elektronik, Undang-Undang Informasi lan Transaksi Elektronik (UU ITE) pasal 26 negesno:

"Kecuali ditentokno liya tekan Peraturan Perundang-undangan, panggunaan saben informasi liwat media elektronik sing nyangkut data pribadi kudu dilakoni karo petsetujuan wong sing bersangkutan".

Sumber:

<https://steemit.mm/data/@phdmoon/what-is-presonaldata-is-personaldataprivate-data>

PELANGGARAN PRIVASI NANG INTERNET

Kadhangkala kita ora ngerti lek kita wes "mbukak" data pribadi kita utawa kanca kita nang internet, utamane nang media sosial. Iku masuk salah siji conto pelanggaran privasi nang internet. Ora mung iku, penyedhiya layanan aplikasi media sosial yo isa nglakoni pelanggaran privasi peggunane karo menahi data peggunane nang pihak ketelu.

Ana conto-conto nang ngisor iki sing mungkin isa menahi gambaran sing isine macem-macem kasus pelanggaran privasi nang internet:

Nang Facebook, nandhai kanca nang postingan, manawa sing wujud e tulisan, tautan web, foto utawa video sing isa nyebabno postingan iku muncul nang linimasa kanca kita. Lek iki dilakoni tanpa ijin, isa diarani nglanggar privasi kanca kita iku.

Penyebaran foto pribadi utawa keluarga nang media sosial tanpa ijin sing duwe yo isa dianggep nglanggar privasi.

Penyedhiya layanan transportasi online ngidini mitra mbarek peggunane gawe isa ngerti nomer telpon, sing haruse mung digunakno kanggo hal kaya komunikasi pas proses transaksi diproses. Nanging wes ana kasus-kasus sing data iku digunakno sawise proses iku mari.

PELANGGARAN PRIVASI DI INTERNET

Ana conto-conto nang ngisor iki sing mungkin isa menehi gambaran sing isine macem-macem kasus pelanggaran privasi nang internet:

Kita nemokno nang WhatsApp Group ana wong sing nglebokno wong liya nang jero group iku tapi ora njaluk ijin sek. Hal iki nyebabno nomer telpon wong iku isa disebar tanpa ijin, mbarek iku klebu nglanggar privasi.

Peretasan akun media sosial yo umum kedaden, sing biasanne dimeloki karo maling data karo penipuan.

Pangguna media sosial kadang-kadang ora teliti karo ngidini aplikasi pihak ketelu gawe iso njupuk data pas penggunane ngunakno aplikasi iku. Pihak ketelu iki langsung isa manfaatno akses sing dheweke intukno gawe ngintukno informasi profil pengguna malah profil kanca-kancane.

NGEJAGA PRIVASI BOCAH

Bocah dadi salah siji kelompok sing rentan kenek pelanggaran privasi nang internet, utamane nang media sosial. Ora jarang wong sing cedhak sing nglakoni pelanggaran privasi bocah iku, kaya wong tua mbarek kaluwarga liyane. Hal iki disebabno karo kurangge kesadaran wong tua kanggo njaga privasi bocah, utamane pas ngunggah foto bocah nang media sosial.

Ana hal-hal sing kudu digatekno sakdurunge ngunggah foto bocah:

Ora Gawe Klambi

Aja ngunggah foto bocah sing mudo. Foto-foto iku ora layak dadi konsumsi publik. Aja nganti foto iku disalahgunakno wong liya.

Anakke Wong Liya

Luwih apik nyebarno utawa menehi tag nang foto anak wong liya nang media sosial. Sakdurunge ngunggah foto anake wong liya, njalukko ijin wong tuane dheweke sek.

Identitas Pribadi

Identitas anak apikke ora dibagekno gawe umum. Kaya jeneng lengkap, alamat, mbarek sekolahe iku informasi sing gampang disalahgunakno.

NGEJAGA PRIVASI BOCAH

Ana hal-hal sing kudu digatekno sakdurunge ngunggah foto bocah:

Ngisin-Isini

Nduduhno kelemahane, ketakutane, autawa hal sing ngisin-isini liyane tekan bocah isa nggarai uripe mengko kepengaruh. Foto-foto kaya ngunu luwih apik disimpen kanggo koleksi pribadi.

Lara

Apa awakmu ora kabotan lek wong liya mamerno fotomu sing lusuh, lemes, ora berdaya? Gunakno standar iki sadurunge ngunggah foto anak sing lara.

Kagiatan Sing Aman

Aja ngunggah foto bocah sing nglakoni aktivitas ora biasa amarga iso nyebabno kontroversi.

Sumber: Parenting & Popsugar

NGEJAGA DATA PRIBADI NANG INTERNET

Ana hal sing kudu digatekno gawe ngejaga keamanan data kita nang internet. Kaya nang ngisor iki:

Gunakno sandhi sing angel kanggo akun-akun sing kita duweni nang internet, misale akun email, media sosial, aplikasi, toko online mbarek liya-liyane. Aja nggawe sandhi sing penak gawe ditebak kaya tanggal lair, jeneng pasangan, jeneng sekolah mbarek liya-liyane. Lakoni ganti sandhi sing rutin (misale rong ulan pisan).

Aja mbagekno informasi, khusus- e data pribadi, nang media sosial. Data iku isa dimanfaatno karo wong sing ora tanggung jawab.

Perhatekno alamat URL tekan situs sing dikunjungi, kalebu pas online. Aja sampek kejemak nang situs palsu sing arep nyolong data kita. Lek pengen install aplikasi anyar nang komputer kita, perhatekno akses sing dijalukki karo aplikasi iku. Aja sampek aplikasi iku isa ngakses data kita sing ora dibutuhno gawe aplikasi iku.

Kanggo saben akun, luwih apik lek nggunakno sandhi sing beda, ben lek ana akun sing sandhine diganti, ora bakal nggarai akun liya gampang dibobol.

NGELINDUNGI DATA PRIBADI DI INTERNET

Ado beberapa hal yang perlu diperhatike buat ngejago keamanan data kito di internet. Mak ini beberapa contohnya:

Ngormati privasi wong liya, aja mbagekno data pribadi wong tanpa ijin sing duwe.

Ati-ati lek ngunakno WI-Fi nang tempat umum, aja tau mbagekno data penting apa maneh nglakoni transaksi perduwitan (nglebokno data kartu kredit, gawe e-banking, mbarek liya-liyane) pas gawai utawa komputer kita nyambung karo koneksi umum.


Lek intuk tautan (link) situs web lewat email, pesen cekak mbarek liya-liyane, yakinno sek lek link iku ngarah nang situs sing kita tuju. Duduk nang situs palsu sing umumme kate phising.

Lakonono setelan privasi nang saben akun media sosial sing kita gunakno. Tentokno sapa sing isa ngakses profil mbarek postingan kita.

NYETEL SETTINGAN PRIVASI NANG MEDIA SOSIAL

Facebook

Nang Facebook, kita isa ngunakno alat-alat sing ana gawe ngatur privasi kaya sapa sing isa ndelok postinganne kita, sapa sing isa ngirim permintaan kancaan nang kita, sapa sing isa ndelok profil kita mbarek liya-liyane. Kita yo isa ngatur sapa ae sing isa ngeposting nang linimasa kita, piye lek ana sing nandhai (tagging) kita mbarek liya-liyane.



Mengatur setting privasi di Facebook

Nyetel setting nang Facebook

Pengaturan dan Alat Privasi

The screenshot shows the Facebook privacy settings interface. A dropdown menu is open over the 'Siapa yang dapat melihat ini?' setting. The menu options are:

- Publik**: Semua orang di dalam atau di luar Facebook
- Teman**: Teman Anda di Facebook
- Teman kecuali...**: Jangan tampilkan ke beberapa teman
- Hanya saya**: Hanya saya
- Lebih banyak...**

Mengatur siapa saja yang bisa melihat postingan kita di Facebook

Ngatur sapa ae sing isa ndelok postingan kita nang Facebook

Pengaturan Linimasa dan Penandaan

Linimasa	Siapa yang bisa memposting di linimasa Anda?	Hanya saya	Edit
	Siapa yang bisa melihat postingan di linimasa Anda?	Teman dari teman	Edit
Penandaan	Siapa yang bisa melihat postingan yang menandai Anda di linimasa Anda?	Teman dari teman	Edit
	Kelika Anda ditandai di postingan, siapa yang ingin Anda tambahkan ke pemirsa postingan jika mereka tidak dapat melihatnya?	Teman	Edit
Tinjau	Tinjau postingan yang menandai Anda sebelum postingan itu muncul di linimasa?	Aktif	Edit
	Tinjau apa yang dilihat orang di linimasa Anda		Lihat Sebagai
	Tinjau tanda yang ditambahkan orang ke postingan Anda sebelum tanda muncul di Facebook?	Nonaktif	Edit

Mengatur penandaan (tag) dari teman kita di facebook

Nyetel penandhaan (tag) tekan kanca kita nang Facebook

NYETEL SETTINGAN PRIVASI NANG MEDIA SOSIAL

Instagram

Nang Instagram, kita isa ngatur setting gawe isa nentokno privasi kita. Ana hal sing isa diatur kaya:

**PRIVASI
MBAREK
KEAMANAN**

**PRIVASI
AKUN**

**AKUN SING
DIBLOKIR**

**STATUS
AKTIVITAS**

**NGEBAGEKNO
ULANG NANG
CRITA**

**KONTROL
CRITA**

NYETEL SETTINGAN PRIVASI NANG MEDIA SOSIAL

**KONTROL
KOMENTAR**

**FOTO
TENTANG
AWAKE
DEWE**

**AKUN SING
KETAUT**

DATA AKUN

**AUTENTIKASI
RONG-
FAKTOR**

**UNDUHAN
DATA**

**SINKRONISASI
KONTAK**

NYETEL SETTINGAN PRIVASI NANG MEDIA SOSIAL

PRIVASI AKUN

Nyetel apa postingan kita isa didelok kabeh wong utawa mung wong tertentu / pengikut (follower) tok.

AKUN SING DIBLOKIR

Nentokno akun-akun sing ora isa ndelok postinganne kita.

STATUS AKTIVITAS

Nduduhno status aktif kita nang pengguna liya.


KONTROL KOMENTAR

Ngatur sapa sing isa menehi komentar nang postingan kita.

NYETEL SETTINGAN PRIVASI NANG MEDIA SOSIAL

Youtube

Nang Youtube kita isa ngubah setelan privasi video mbarek ngelolah akses nayangnone. Ana pilihan sing wes ana yaiku:



Video mbarek playlist **umum** isa didelok mbarek dibagekno karo sapa ae.

Video mbarek playlist **ora umum** isa didelok mbarek dibagekno kanggo sapa ae sing nduweni link-e.

Video mbarek playlist **pribadi** mung isa didelok karo awak dewe mbarek wong sing dipileh.



MEDIA SOSIAL



Daphtar Isi	19
Media Sosial mbarek Aplikasinne	20
Sawetara Penganggone Media Sosial	25
Facebook	25
Twitter	28
Instagram	31

MEDIA SOSIAL MBAREK APLIKASINNE

Pemanfaatan aplikasi sing paleng gede nang jaman internet saiki yaiku ngunakno aplikasi media sosial. Media sosial yaiku aplikasi sing basise internet sing mungkiri kabeh peggunane isa interaksi marang liyane karo nyiptakno konten informasi, ngebageknone mbarek nerimo informasi tekan pegguna liya.

Ciri-ciri Media Sosial

User Generated Content

Anane fitur kanggo pegguna gawe ngawe konten mbarek nyebarno

Halaman Profil Panggannggo

Anane menu profil sing isa digunakno pegguna gawe nyajeko informasi sing isine awake dewe

Terbuka

Mungkiri kabeh wong gawe isa gawe akun

Interaksi Karo Pegguna Liya

Anane fitur gawe interaksi karo pegguna liya kaya like, komentar, sharing mbarek liyane

Tanda Waktu nang saben Postingan

Saben postingan ana tanda waktune supaya isa ngerti kapan ngeposting

Sawetara ciri tekan media sosial yaiku mungkiri saben wong gawe nggawe akun, anane profil gawe saben pengguna sing nyajekno data pangguna, fitur gawe nggawe konten mbarek ngebagekno, interaksi karo pengguna liya sing isa dilakoni liwat menahi komentar mbarek like, anane tanda wektu tekan saben postingan, mbarek liya-liyane.

MEDIA SOSIAL MBAREK APLIKASINNE



Pengelompokan Media Sosial

Saiki ana atusan aplikasi media sosial sing ana nang internet. Umume aplikasi aplikasi iku isa dikelompokno kaya ngene:

Jejaring Sosial

Facebook, LinkedIn, Google+, Path, mbarek liya-liyane.

Blogging

Blogspot, Wordpress, Tumblr, mbarek liya-liyane.

Aplikasi Berbagi Video

Youtube, Metube, Vimeo, mbarek liya-liyane.

MEDIA SOSIAL SAMO APLIKASINYO

Umume aplikasi aplikasi iku isa dikelompokno kaya ngene:

**Aplikasi
Berbagi
Gambar**

**Micro-
Blogging**

Kolaborasi


Flickr,
Pinterest,
Picassa,
mbarek liya-
liyane.

Twitter


Wikipedia,
Google
Drive,
Slideshare,
mbarek liya-
liyane.

MEDIA SOSIAL MBAREK APLIKASINNE

Adhasar tekan laporan insight tekan "we are social" mbarek Hootsuite sing isine "Digital in 2020 in Southeast Asia" sing dirilis Januari 2020 , layanan media sosial sing paling akeh digunakno nang Indonesia yaiku YouTube.



Tapi adhasar riset tekan Tirto.id sing dilaksanakno tahun 2017 tentang Generasi Z, yaiku generasi sing lair pas taun 1996 sampek 2010, layanan media sosial sing paling populer digawe yaiku Instagram.



Layanan Media Sosial yang paling banyak digunakan Generasi Z di Indonesia

SAWETARA PENGANGGONE MEDIA SOSIAL

FACEBOOK

Facebook yaiku media sosial sing penggunane paling akeh saiki sampek luwih tekan 2 milyar pengguna aktif nang jagad iki, kalebu nang Indonesia. Ora mung gawe keperluan pribadi, Facebook yo iso digawe akeh pihak gawe salah siji media bisnis utawa organisasi. Nang Facebook kita isa mbagekno tulisan, foto, video, tautan situs, mbarek liyane. Mbarek kita iso interaksi karo pengguna facebook liyane karo nanggapi postingan (like, love, sedih mbarek liya-liyane), menehi komentar, mbagekno mbarek liya-liyane.

Pas nggawe status, kita yo isa ngelakoni hal iki:

Nandhai (tagging) kanca karo nggawe symbol "@" terus jeneng kanca kita.

Nggunakno hestek "#" gawe topik sing relevan dembengnang postingan kita, dadi pas di klik bakal muncul topik sing podo.

Njadwalno post, kita isa gawe jadwal post, supaya status kita ora langsung muncul pas kita nggawe tapi isa diatur wektune.

SAWETARA PENGANGGONE MEDIA SOSIAL

Kajaba iku nang Facebook kita yo isa nggawe Kaca (Facebook Page) sing isa digawe gawe organisasi utawa usaha. Kita isa njaluk wong gawe nge-like halaman kita mbarek pada mbagekno informasi organisasi usaha kita lweat kaca iku, kalebu nggawe pengumuman kegiatan (event) sing isa langsung dibageknon nang wong-wong sing bakal diundang. Sing perlu diperhatekno yaiku pas ngelolah postingan nang Facebook yaiku piye carane intuk interaksi tekan sing ndelok, supaya dheweke gelem menehi like, komentar, utawa mbagekno (share) postingan kita.

Bagian sing penting tekan Kaca Facebook yaiku Foto Profil mbarek Foto Sampul. Ukuran sing direkomendasikno gawe foto profil yaiku 180 x 180 pixel (minimal 160x160 pixel). Foto Profil tersebut bakal ditampilno marang ukuran 170 x 170 piksel nang komputer, 128 x 128 piksel nang smartphone. Sawetara ukuran gawe foto sampul sing direkomendasikno yaiku 851 x315 pixel (minimal 399x150 pixel), bakal ditampilno karo amba 820 piksel mbarek sedhuwur 312 piksel nang kacamamu nang komputer, mbarek amba 640 piksel mbarek dhuwur 360 piksel nang smartphone.

SAWETARA PENGANGGONE MEDIA SOSIAL

Engagement utawa interaksi karo audiens nang Facebook iku hal sing penting digatekno. Gawe mbangun interaksi iku, ana hal-hal sing kudu digatekno:

- Posting sing rutin, paling ora ping 1-2 sedina
- Foto / Gambar bakal luwih apik dibandingno mung teks mbarek umume bakal intuk interaksi sing luwih dhuwur
- Waktu sing paling apik gawe posting nang Facebook yaiku pas jam mangan awan karo jam 5 sore nganti 7 bengi
- kekono pertanyaan gawe mancing komentar tekan audiens

SAWETARA PENGANGGONE MEDIA SOSIAL

TWITTER

Twitter yaiku media sosial sing nyajakno obrolan sing cepet sing postingane mung dibatasi nganti 280 karakter. Saben wong isa ngetutno (follow) wong liya gawe isa ndelok tweetanne nang linimasa (timeline) kita. Kajaba iku kita isa ndelok topik sing paling akeh diomongno nang wektu tertentu lewat trending topics lewat hestek sing digawe. Lan kabeh tweet sing diposting sing sifate publik kajaba lek kita protect tweet.

Privasi Tweet

- Jagaen Tweetku

Tweetmu saiki dijaga: mung sing mbok setujoni bakal diterimo Tweet. Tweetmu mbesok ora bakal kesedhiya nang publik. Tweet dikirim sedurunge iso tetep ketok umum nang sawetara panggonan. Sinauni luwih lengkap.

Sawetara istilah penting sing kudu dierini pas nggunakno Twitter yaiku :

Tweet

Tulisan sing kita posting nang Twitter karo maksimal 280 karakter. Kita isa tweet apa ae kaya opini, informasi, humor, obrolan mbarek liya-liyane. Kajaba tulisan kita yoisa nambahno foto mbarek video (max. 140detik).

Retweet (RT)/ Quote Tweet

Retweet yaiku tindakan gawe nerusno tweet e wong dan isa diwaca karo sing melok-i (follower) kita. Lek Quote Tweet nambahno komentar/tulisan kita nang Retweet iku.

Mention (@)

Nandhai wong nang tweet kita

Reply

Tweet sing ditunjukno gawe mbales tweet wong liya

Sawetara istilah penting sing kudu dierini pas nggunakno Twitter yaiku :

Following

Following yaiku pengguna twitter liyane sing kita eloki. Karo following wong liya kita bakal isa ndelok tweet tekan wong iku nang jerone lini masa kita

Follower

Wong sing ngetuti kita nang Twitter

HashTags (#)

Gunane ben pengguna liyane sing ndelok isa gampang nggolek topik sing podo karo sing ditulis wong liya. Intine ngelompokno kata ben gampang digoleki.

Trending Topic

Yaiku topik sing bakal akeh diomongno nang twitter, biasane topik nang jero hastag sing podo bakal isa dadi Trending Topic lek ngalami lonjakan tweet nang wektu sing singkat

SAWETARA PENGANGGONE MEDIA SOSIAL

INSTAGRAM

Instagram yaiku aplikasi kanggo mbagekno foto mbarek video sing mungkiri pengguna gawe njupuk foto, njupuk video, nerapno filter digital, mbarek mbagekno nang pengguna liyane, khususe gawe sing meloki (follower). Selain gawe posting foto, video, saiki Instagram yo nduweni fitur Stories mbarek IGTV. Stories yaiku foto/video sing bakal muncul nang profil kita, tapi mung 24 jam. Nanging IGTV yaiku fitur anyar sing mungkiri penggunane gawe ngunggah video dowo nang format vertikal. Tingkatane popularitas instagram ningkat dhuwur saiki, khususe gawe pengguna internet nang Indonesia apa maneh nang kalangan wong sing jek nom.

Dimensi foto/video yang diunggah

Kita bisa mengunggah foto atau video ke Instagram, karena fitur yang ada di sana, kita juga bisa mengunggah beberapa foto/video dalam satu postingan. Untuk video, kita diperbolehkan untuk durasi yang bisa diposting ke Instagram yaitu 03-60 detik saja videonya. Untuk dimensi foto/video yang disarankan yaitu sebagai berikut ini:

Format asli Instagram wujudnya persegi / persegi karena ukurannya 1080px x 1080px. Ini adalah format yang paling ideal. Ini adalah format asli Instagram yang direkomendasikan.

Format vertikal Instagram wujudnya persegi panjang vertikal yang ukurannya 1080px lebar dan 1350px tinggi. Format ini akan sangat baik untuk tampilan di smartphone. Tapi jangan lupa bagian atasnya akan dipotong (dipotong menjadi persegi).

Format ini wujudnya persegi panjang yang ukurannya 1080px lebar dan 566px tinggi. Format ini akan sangat baik untuk tampilan di Instagram website yang akan dipotong di bagian atas dan bawahnya di smartphone. Untuk profil juga tidak ideal karena akan dipotong di bagian atas dan bawahnya menjadi persegi/kotak.

SAWETARA PENGANGGONE MEDIA SOSIAL

Filter Foto

Sawise milih foto sing bakal diunggah, kita isa milih filter foto sing isa digunakno gawe ngapik-i foto. Utawa kita isa ngatur manual, kaya keteranganne, kontrase, saturasine, fokuse mbarek liya-liyane.

Caption / Keterangan Foto

Sawise milih foto sing bakal di posting, sadurunge diunggah, kita kudu menehi caption utawa keterangan foto iku.

Ana tips gawe nulis caption sing apik yaiku nang ngisor iki:

Pahamono audiensmu, nggawe bahasa sing bener nang tulisanne, keterangan fotone pas karo audiens-e.

Ngundang interaksi (engagement), sampekno pertanyaan nang akhir.

Caption sing bakal mancing follower gawe ngekeki komentar.

Gaweo hashtag (#) ben wong gampang nggoleki postingan kita karo topik sing nyambung karo hastag iku.

Sampekno crita kita sing ana hubungane karo gambar sing diunggah. Crita sing sifate personal bakal luwih ngundang follower.

Bubuhno lelucon, soale wong senaeg karo crita sing lucu.



NGENALI HOAKS



Daphtar Isi	36
Tegese HOAKS	37
Jenis-Jenise HOAKS	40
Dadi Warganet sing Cerdas	43

TEGESE HOAKS

Hoaks (hoax) saiki dadi isu sing lumayan akeh diomongno wong nang nang jagad siber. Penyebaran hoaks lewat internet lumayan akeh mbarek cepet, sanajan nang sawijining peneliten ditulis lek hoaks nyebar luwih cepet tinimbang berita sing bener.


Sebenere apa sing diarani hoaks? Adhasar Kamus Besar Bahasa Indonesia (KBBI), hoaks ditegesno dadi warta palsu. Kangge Merriam-Webster negesno hoaks dadi tindakan sing nggawe apa sing salah utawa sing ora masuk akal isa dipercaya utawa ditampa dadi hal sing bener.

Utawa isa disimpulno lek hoaks iku warta/informasi sing ora bener sing digawe kaya-kayane bener saengga isa dipercaya karo wong liya. Hoaks dewe dadi populer digawe pas pertengahan nganti akhir abad kaping 18, asale tekan frasa hocus pocus sing dadi istilah nang jagad sulap.

Nang tahun 2017, Masyarakat Telematika Indonesia (MASTEL) ngadakno survey sing ana hubungane karo hoaks nang Indonesia . Tekan hasil survey iku isa didelok lek saluran kanggo nyebarno hoaks paling gedhe asale tekan Media Sosial mbarek Aplikasi Chatting, sing luwih dhuwur tinimbang media social.

TEGESE HOAKS

Penyebaran liyane kaya radio, media cetak, mbarek TV. Hal iki nglibatno lek peran internet kanggo nyebarno hoaks iki lumayan gede.



(KataData, Kominfo, November 2020)



Ladang Penyebaran Hoaks (Mastel, 2019)

Informasi sing sifate hoaks macem-macem wujud, kaya tulisan, gambar utawa video. Adhasar survey Mastel (2019) hoaks sing gelek ditampa masyarakat Indonesia yaiku wujud social media. Sawetara iku, adhasar topik iku, ternyata hoaks isu sosial politik paleng akeh ditampa masyarakat, karo sing ana kaitane karo SARA mbarek kesehatan.

JENIS-JENISE HOAKS

Claire Wardle tekan First Draft , sawijining projek nang bidang literasi media, nggolongno warta palsu (mis mbarek disinformasi) nang 7 kategori nang ngisor iki:



1. Sindiran Utawa Parodi

Informasi sing digawe kanggo nyatakno sindiran nang sawijining kahanan utawa wong, biasane disampeknong wujud ironi, sarkasme, utawa parodi. Satir umum digawe tanpa niat ngelabui wong sing ndelok amarga mung sindiran. Nanging, kanggo wong sing ora mahami bahasa iki iso kekecoh mbarek nganggep informasi sing didelok dianggep nyata, luwih-luwih

pas sing nyampekn ora jelas ngomong lek informasi iku sindiran.

2. Konten sing Nyesatno

Penganggone informasi sing nyesatno kanggo nggawe masalah. Biasane informasi sing ditampilno karo ngilangngi kontekse kanggo nggiring pemahamane publik supaya cocok karo karepe sing nggawe ndormasi iku.

3. Konten Tiruan

Informasi sing digawe podo karo asline sing tujuanne kanggo ngelabuhi publik, kaya situs web sing dipalsuno supaya sing ngunjungi ketipu mbarek nganggep situs iku situs sing asli.

4. Konten Palsu

Konten anyar sing 100% salah, sengaja dirancang mbarek digawe kanggo ngelabuhi sing maca. Sing nggawe konten palsu iki isa dilatarbelakangi karo macem-macem tujuan, kaya keuntungan finansial, propaganda, utawa kepentingan politik, saengga nduweni potensi sing nyesatno mbarek mbahayakno masyarakat.

5. Koneksi sing Salah

Pas judhul, gambar utawa keterangan sing ora ndhukung konten sing sabenere. Salah siji contone yaiku click bait, nggawejudhul utawa gambar sing bakal ngundhang wong gawe ngeklik tautan sing kasedhiya kanthi cara sing provokatif, menarik mbarek sensasional, sanajan kontenne dewe ora "heboh" kaya judule.

6. Konten sing Salah

Ketikan konten sing asli disampeknno nang konteks sing salah, informasi (tulisan, gambar utawa video) sing benar dilebono nang konteks sing ora sesuai karo asline.

7. Konten sing Dimanipulasi

Informasi sing asli dimanipulasi kanggo ngapusi. Isa dadi mung iseng, nanging isa yoan kanggo ngeprovokasi, nyebarno propaganda, utawa kanggo kepentingan politik.

DADI WARGANET SING CERDAS

Piye ben hoaks isa ditindhes tingkat penyebaranne? prinsipen kita kudu isa dadi warganet sing cerdas, sing isa mikir kritis pas nampa informasi mbarek ora gupuh kanggo nyebarne.



Lek kita nampa informasi, mula informasi iku kudu disaring dhisik. Sing kasiji yaiku ngerteni apa informasi iku bener utawa ora, lek ora bener mula isa diarani lek informasi iku hoaks. Lek bener aja langsung disebarne, nanging diperiksa sek apa informasi iku ndhuweni manfaat lek kita sebarne. Lek ancen ndhuweni manfaat, kudu dipikirno apa informasi iku ancenperlu gawe

disebarno. Mbarek lek ancen perlu disebarno, pikiren maneh apa kudu disebarno saiki utawa ora ana kepentingan sing ndhesek.

Kanggo ngerti apa informasi iku hoaks utawa ora, ana sawetara cara sing isa dilakoni, kaya nggolek nang situs nggolek fakta, nggolek nang google, nggunakno apliaksi Hoax Buster Tools mbarek liya-liyane.



ANTISIPASI HOAKS



Daphtar Isi	46
Identifikasi HOAKS	47
Situs Anti HOAKS	49
Nggunakno Hoaks Buster Tools	51
Dadi Warganet Anti-HOAKS	56

IDENTIFIKASI HOAKS

Akeh wong sing media sosiale diisi karo informasi hoaks, mbarek sebenere akeh informasi hoaks sing gampang dikenali amarga informasine ora masuk akal. Sanajan, ora kabeh wong duweni pola pikir sing kritis, khusus mbedakno ndi informasi sing hoaks, ndi sing bener. Umume, informasi hoaks duweni ciri-ciri sing isa di perhatekno, kaya nang ngisor iki:

- Diwiwiti nganggo tembung-tembung sugestif mbarek tembung sing heboh
- Asring ngunakno jeneng tokoh-tokoh utawa lembaga-lembaga sing terkenal
- Muni ora masuk akal, mula asring diiringi karo hasil penelitian sing palsu
- Ora tampil nang media-media arus utama, biasane mung nyebar lewat pesen-pesen singkat utawa situs sing ora jelas pemilikke
- Biasane diiringi karo huruf kapital mbarek tandha seru

Kajaba iku ana cara cendhak kanggo ngenali apa informasi iku hoax utawa ora, kaya sing nang gambar ngisor iki:




SITUS ANTI HOAKS

Ana situs web nang Indonesia sing disiapno kanggo ngewangi warganet ben ngenali apa iku informasi hoaks utawa ora. Carane ana nang ngisor iki:




Cekfakta.com

Dibangun karo kolaborasi sawetara perusahaan media kanggo nganalisa mriksa data kanggo informasi sing dilaporno.



Stophoax.id

Situs anti hoaks sing dibangun karo kerjasama pemangku kepentingan majemuk (multi-stakholder) kaya Kementerian/Lembaga, Komunitas/Media, Jaringan Pemberitaan Pemerintah (JPP) mbarek POLRI.



Tumbackhoax.id


Situs sing dikelola karo Masyarakat Anti Fitnah Indonesia (MAFINDO) yaiku arsip asil diskusi kelompok Forum Anti Fitnah, Hasut mbarek Hoax (FAFHH) nang Facebook.

NGGUNAKNO HOAX BUSTER TOOLS (HBT)

Masyarakat anti Fitnah Indonesia (MAFINDO) ngetokno aplikasi sing gampang digunakno kanggo "ngelawan" hoaks. Aplikasi iki dimenehi jeneng Hoax Buster Tools (HBT) sing isa diunduh nang Google Playstore.



Sawise berhasil nginstall mbarek mbukak aplikasi HBT, mula kita dikongkon "mulai njajal Tool"



Pilih salah siji, misale "Lapor Hoax".

Banjur pencet lambang lintang. Lambing iki digunakno kanggo


ngaktifno tools sing ana pngada aplikasi iki.

Kita isa mbaleni maneh langkahe kanggo isa nambah tools sing kate kita

gunakno.


Contoh 3 tools nang layar ngarep HBT sing paling miguna gawe masyarakat: Lapor Hoax, ASE - Anti-hoax Search Engine, mbarek Pencarian Hoax.

NGUNAKNO TOOL LAPOR HOAKS



- Buka Tool Lapor Hoax
- Isi data sing dijalkuk
- Salin teks asli hoaks (lek ana)
- Tulis pesen mu
- Unggah (upload) hasil tangkapan layar (screenshot), utamane kanggo laporan sing ora isa nyertakno tautan (URL), misale laporan karo sumber pesen berante Whatsapp
- Pencet kotak centang "I'm not a robot", banjur pencet tombol "SEND"

NGUNAKNO TOOL LAPOR HOAKS




Anti Hoax Search Engine

ASE YAIKU tool sing nggunakno mesin penelusuran Google Custom Search sing mung bakal nampilno hasil penelusuran tekan basis data turnbackhoax.id, media sing terverifikasi, mbarek situs-situs sing terpercaya. Daftar situs iku isa diakses "Trusted Sites List"

Tool Pencarian Hoax

Tool iki bakal nampilno hasil penelusuran hasil fact-check nang basis data turnbackhoax.id. Iki conto hasil pencarianne: "Sites List"



DADI WARGANET ANTI-HOAX



Sumber: Instagram @refcool

Intine, penting dadi warganet sing "tahan hoaks". Mbarek dadi warganet kaya iku ana sawetara tips, yaiku:

- Maca! saben informasi sing ana nang ngarep kita kudu maca lengkap. Aja nyimpulno mung tekan judul wartane ae.
- Isa mikir kritis, njaga akal sehat pas maca informasi.

- Tabayyun, cek mbarek ricek maneh informasi sing di terima.
- Gunakno pikiran logis mbarek ilmiah pas menehi kritik warta, aja baper, nggowo perasaan pas mriksa informasi.
- Tahan Jempol, Saring sadurunge Sharing. Pilih informasi sing pengin disebar.
- Lapang dada, toleran mbarek sabar yaiku perilaku sing dibutuhno pas nampa warta.
- la penting supaya tetep jujur mbarek bener supaya hoaks ora gampang nyebar.

Daftar Pustaka

Kominfo, Siberkeasi. (2020). Roadmap Literasi Digital 2021-2024. Jakarta: Kominfo, Siberkreasi



**KOMINFO | SIBERKREASI | VOKASI UI
KLINIK DIGITAL | DIGITAL MAKARA PROJECT**

2021